

## Avi sou Lwa sou Divilgasyon Enfòmasyon/Konfidansyalite pou Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini ak Ajans/Otorite Lojman (HA)

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini, Biwo Lojman Piblik ak Endyen

**PHA oswa IHA mande divilgasyon enfòmasyon** (adrès konplè, non moun pou kontakte a, ak dat):

**Otorite:** Seksyon 904 Lwa 1988 sou Amanman Asistans Sanzabri Stewart B. McKinney, jan li amande pa Seksyon 903 Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1992 ak Seksyon 3003 Lwa 1993 sou Rekonsilyasyon Bidjè Omnibus. Nou jwenn lwa sa a nan 42 USC 3544. Lwa sa a egzije ou siyen yon fòm konsantman ki otorize: (1) HUD, ak Ajans/Otorite Lojman (HA) mande verifikasyon salè ak peman (pa èdtan, jou semèn) nan men patwon kounye a oswa anvan yo; (2) HUD ak HA mande enfòmasyon sou reklamasyon salè ak konpansasyon chomaj nan men ajans leta ki responsab pou kenbe enfòmasyon sa yo; ak (3) HUD mande sèten enfòmasyon sou deklarasyon revni nan men Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini ak Sèvis Revni Entèn Etazini.

Seksyon 104 Lwa sou Opòtinité ak Modènizasyon Lojman 2016 la. Dispozisyon enpòtan ki nan 42 USC 1437n. Lwa sa a egzije pou ou siyen yon fòm konsantman ki otorize HA mande verifikasyon tout dosye finansye ak tout enstitisyon finansye jan sa defini nan Lwa sou Dwa pou Konfidansyalite Finansye (12 USC 3401), chak fwa HA detèmine dosye a nesesè pou detèmine elijiblite yon aplikant oswa patisipan pou asistans oswa nivo avantaj yo.

**Objektif:** Lè w siyen fòm konsantman sa a, ou otorize HUD ak HA ki site pi wo a mande enfòmasyon sou revni nan men sous ki nan fòm lan. HUD ak HA bezwen enfòmasyon sa yo pou verifye revni fwaye ou, pou asire ou elijib pou avantaj lojman asiste epi avantaj sa yo fikse nan nivo ki kòrèk la. HUD ak HA ka patisipe nan pwogram matching enfòmatik avèk sous sa yo pou verifye elijiblite ou ak nivo avantaj yo.

**Itilizasyon Enfòmasyon yo dwe Jwenn:** HUD oblige pwoteje enfòmasyon sou revni li jwenn an akò ak Lwa sou Konfidansyalite 1974, 5 USC 552a. HUD ka divilge enfòmasyon (ki pa enfòmasyon sou deklarasyon revni) pou sèten itilizasyon woutin, tankou lòt ajans gouvenman yo pou rezon aplikasyon lalwa, bay ajans Federal yo pou rezon adekwasyon travay ak HA yo nan bi pou detèmine asistans lojman. HA a oblige tou pwoteje enfòmasyon sou revni li jwenn an konfòmite ak nenpòt lwa sou konfidansyalite ki aplikab nan Eta a. Anplwaye HUD ak HA yo ka sibi penalite pou divilgasyon san otorizasyon oswa itilizasyon move enfòmasyon sou revni yo jwenn sou baz fòm konsantman an. **Pwopriyeté prive yo pa ka mande oswa resevwa enfòmasyon ki otorize pa fòm sa a.**

**Ki moun ki dwe siyen Fòm Konsantman an:** Chak manm fanmi ou ki gen 18 ane oswa plis dwe siyen fòm konsantman an. Yo dwe jwenn siyati adisyonèl nouvo manm adilt ki rantre nan fanmi an oswa chak fwa yon manm fanmi an vin gen 18 ane.

Moun ki fè demann oswa resevwa asistans nan kad pwogram sa yo oblige siyen fòm konsantman sa a:

Lojman Piblik  
Koupon Chwa Lojman  
Seksyon 8 Reyabilitasyon Modere

**Si w pa siyen fòm konsantman an:** Si w pa siyen fòm konsantman an, sa ka lakòz yo refize elijibilité ou oswa mete fen nan avantaj lojman asiste yo, oswa toude. Refi elijiblite oswa mete fen nan avantaj yo depann de pwosedi doleyans HA a ak pwosedi odyans enfòmèl Seksyon 8 yo.

**Anilasyon konsantman:** Si w anile konsantman w, PHA a pap kapab verifye enfòmasyon w yo, byenke matching done ant HUD ak lòt ajans yo ap kontinye fèt otomatikman nan Sistèm Verifikasiyon Revni Antrepriz la (EIV) si yo retire fanmi an nan pwogram nan.

### Sous Enfòmasyon yo dwe Jwenn

Ajans Koleksyon Enfòmasyon sou Salè Eta a. (Konsantman sa a limite a salè ak konpansasyon chomaj mwen te resevwa lè mwen te resevwa avantaj lojman asiste.)

Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini (HUD sèlman (Konsantman sa a limite a enfòmasyon sou salè ak travay endependan ak peman revni retrèt jan sa endike nan Seksyon 6103(l)(7)(A) nan Kòd Revni Entèn lan.)

Sèvis Revni Entèn Etazini (HUD sèlman) (Konsantman sa a limite a revni ki pa touche [sa vle di, enterè ak dividann].)

Ou ka jwenn enfòmasyon tou dirèkteman nan men: (a) anplwayè aktyèl ak ansyen anplwayè konsènan salè, peman (pa èdtan, jou, semèn); ak (b) enstitisyon finansye jan sa defini nan Lwa sou Dwa pou Konfidansyalite Finansye (12 USC 3401), chak fwa HA detèmine dosye a nesesè pou detèmine elijiblite yon aplikant oswa patisipan pou asistans oswa nivo avantaj yo. Mwen konprann ke enfòmasyon sou revni yo jwenn nan sous sa yo pral sèvi pou verifye enfòmasyon mwen bay pou detèmine elijiblite pou pwogram lojman asistans ak nivo avantaj yo. Se poutèt sa, fòm konsantman sa a sèlman otorize divilgasyon enfòmasyon dirèkteman pa anplwayè yo ak enstitisyon finansye yo.

**Konsantman: Mwen dakò pou pèmèt HUD oswa HA mande epi jwenn enfòmasyon sou revni ki soti nan sous ki nan fòm sa a nan bi pou verifye elijiblite mwen ak nivo avantaj nan kad pwogram lojman asiste HUD yo. Mwen konprann ke HA yo ki resevwa enfòmasyon sou revni dapre fòm konsantman sa a pa ka itilize li pou refize, diminye oswa mete fen nan asistans san verifye dabò ki kantite lajan an te ye, si mwen te reyèlman gen aksè a lajan yo epi lè yo te resevwa lajan yo. Anplis de sa, yo dwe ban m opòtinite pou m konteste desizyon sa yo.**

Fòm konsantman sa a rete an vigè jiska premye nan posiblite sa yo (i) rann yon desizyon negatif final pou yon aplikan pou asistans lan; (ii) sispann elijiblite yon patisipan pou asistans nan men HUD ak PHA; oswa (iii) anilasyon eksprès pa aplikan pou asistans lan oswa benefisyè (oswa manm fanmi ki aplikab) otorizasyon an, nan yon notifikasyon alekri pou HUD oswa PHA.

**Siyati yo:**

Chéf Fwaye a:	Dat		
Nimewo Sekirite Sosyal (si genyen) Chéf Fwaye a		Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat
Mari/madanm	Dat	Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat
Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat	Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat
Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat	Lòt Manm Fanmi ki gen plis pase 18 ane	Dat

**Avi Konfidansyalite.** Otorite: Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) otorize pou kolekte enfòmasyon sa yo pa Lwa sou Lojman Etazini an 1937 (42 USC 1437 et. seq.), Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 (42 USC 2000d), ak Lwa sou Lojman Ekitab (42 USC 3601-19). Objektif: Fòm sa a otorize HUD ak HA ki site pi wo mande enfòmasyon sou revni pou verifye revni fwaye w la pou asire l ke ou elijib pou avantaj lojman asiste epi avantaj sa yo fikse nan nivo ki kòrèk la. Si w pa bay okenn nan enfòmasyon yo mande yo, sa ka lakòz yon reta oswa refi apwobasyon elijiblite ou.

**Sanksyon pou Move Itilizasyon Konsantman sa a:** HUD ak HA (oswa nenpòt anplwaye HUD oswa HA) ka sijè a sanksyon pou divilgasyon san otorizasyon oswa utilizasyon move enfòmasyon ki kolekte sou baz fòm konsantman an. Itilizasyon enfòmasyon ki kolekte sou baz fòm HUD 9886 la limite a rezon ki site nan fòm HUD 9886 la. Nenpòt moun ki fè espri oswa volontèman mande, jwenn, oswa divilge nenpòt enfòmasyon sou fo pretèks konsènan yon aplikan oswa patisipan ka sijè a yon deli ak amann pa plis pase \$ 5,000. Nenpòt aplikan oswa patisipan ki afekte nan divilgasyon neglijan enfòmasyon ka entante yon aksyon sivil pou domaj, epi chèche lòt reparasyon, jan sa apwopriye, kont ofisyè oswa anplwaye HUD oswa HA pou divilgasyon san otorizasyon oswa utilizasyon ki pa apwopriye.

**Deklarasyon Fado OMB.** Yo estime fado rapò publik pou koleksyon enfòmasyon sa yo se 0.16 èdtan pou nouvo admision epi .08 èdtan pou manm fwaye ki rive nan laj 19 ane, ki gen ladan tan pou revize, chèche sous done ki egziste deja, kolekte ak kenbe done ki nesesè yo, epi ranpli ak revize koleksyon enfòmasyon yo. Koleksyon enfòmasyon revni ak byen yo obligatwa pou detèminasyon elijiblite nan pwogram nan. Li nesesè pou soumèt fòm konsantman (fòm-HUD 9886) pou PHA yo ka satisfè egzijans Seksyon 904 Lwa sou Amannman Asistans Sanzabri Stewart B. McKinney nan 1988, jan li amande pa Seksyon 903 Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1992 ak Seksyon 3003 Lwa sou Rekonsilyasyon Bidjè Omnibus nan 1993 (42 USC 3544) ak Seksyon 104 HOTMA pou asire ke HUD ak PHA yo ka verifye elijiblite ak enfòmasyon sou revni pou aplikan yo ak patisipan yo. Koleksyon enfòmasyon sa a pwoteje kont divilgasyon pa Lwa sou Konfidansyalite a. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a oswa nenpòt lòt aspè nan koleksyon enfòmasyon sa yo, ki gen ladan sijesyon pou diminye fado sa a, bay Biwo Lojman Biblik ak Endyen, Etazini. Depatman Lojman ak Devlopman Iben, Washington, DC 20410. Lè w ap fè kòmantè, tanpri al gade nan OMB Apwobasyon No 2577-0295. HUD pa ka fè oswa patwone, epi yon moun pa oblige reponn, a yon koleksyon enfòmasyon sof si li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valid kounye a.